

# Virginia SUN Bucks



Yon pwogram federal ki kreye pou konbat ensekirite alimantè, kote li bay timoun ki kalifye yon sèl fwa **avantaj manje \$120** sou yon kat Virginia SUN Bucks oswa kat SNAP EBT pou achte manje.



## **Kilès ki otomatikman kalifye pou Virginia SUN Bucks epi ki pa bezwen aplike?**

Timoun ou an otomatikman enskri nan Virginia SUN Bucks si li:

- ✓ Resevwa avantaj SNAP oswa TANF, oswa patisipe nan Medicaid ki baze sou revni.
- ✓ Te aplike epi resevwa manje lekòl gratis oswa rabè pandan ane lekòl 2025–2026 atravè Pwogram Nasyonal **Manje Lekòl la**.



## **Kijan mwen ka konnen si fanmi mwen bezwen aplike pou Virginia SUN Bucks?**

Si timoun ou an pa t aplike epi pa resevwa manje lekòl gratis oswa rabè atravè Pwogram Nasyonal Manje Lekòl la, epi si fanmi ou pa patisipe nan SNAP, TANF oswa Medicaid ki baze sou revni, ou dwe aplike.

## **Kilè ak kijan VDSS pral bay avantaj Virginia SUN Bucks yo?**

Avantaj yo ap distribye kòmnanse **nan mwa** jen **2026** sou **yon** baz etap pa etap pou timoun ki otomatikman kalifye ak pou fanmi ki kalifye lè yo fin aplike. Avantaj moun ki resevwa SNAP yo ap chaje sou kat SNAP EBT yo deja genyen, pandan moun ki pa resevwa SNAP yo pral resevwa yon kat SUN Bucks yo ap voye pa lapòs nan adrès ki anrejistre nan dosye yo a.

## **Kijan pou aplike?**

Ou kapab vizite [VirginiaSunBucks.com](https://VirginiaSunBucks.com) pou aplike anliy oswa enprime fòmilè aplikasyon an epi voye l pa lapòs bay 5600 Cox Road, Glen Allen, VA 23060 anvan 31 dawout. Oswa, ou ka aplike tou lè w rele Sant Apèl Virginia SUN Bucks la nan (866-513-1414) soti 15 jen pou rive 31 dawout.



Ou ka jwenn plis enfòmasyon ak detay sou Virginia SUN Bucks [sou VirginiaSunBucks.com](https://VirginiaSunBucks.com).



VIRGINIA DEPARTMENT OF  
SOCIAL SERVICES

**VIRGINIA  
SUN  
BUCKS**